

XIBAAR YU JËM CI SCREENING – Seetlu yi ci diggante réew mi ak biti

Jàll diggante réew mi ak biti ci anam bu amul ndigal, jaar ci kaw

XIBAAR YU JËM CI SCREENING – Aeroport

Yaa ngi ci aeroport bu nekk _____ ci Itali (Benoo Europe). Nu ngi fii ngir dimbali la: am nga sañ-sañu am tekki-làkk (interprète) ngir jokkoo ak Kilifa yi, laaj ay laaj, te mën nga ñaan a wax ak góor walla jigéen.

1. Anam yi war ngir dugg

- Ndaxte àggaguloo ci yoon ci biir Bennoo bu Ēróop te toppuloo sàrt yi war ngir dugg, Kilifa yi war nañu def seetlu (screening).
- Ci biir jëfandikoo bii, dinañu wéy di sàmm sañ-sañ ak warugar yi nekk ci yoonu réew mi, yoonu àdduna si ak yoonu Bennoo bu Ēróop.

2. Jëf yi ñuy def ci screening

Jëf yi ñuy def ci opisu aeroport bi ngir topp sàrtu Reglementu screening mooy:

- **Kaarange:** Seetlu ci yaramu nit ki ak ci alal yi mu yor.
- **Xam ki nga doon:** Dajale say xibaaru boppam (tur, bés ak bérab bu juddu, réewum juddu) ak wone kayiti dantite walla tukki. Soo bañee joxe kayit yi, loolu mën na tax ñu jàpp ne bëgguloo ànd ak Kilifa yi.
- **Léeral mbir yi:** Yégal bu amee ne doo bokk ci benn réew, wax bu amee ay mbokk yu la topp ngir ngeen desandoo, ak wax sabab bi tax nga dugg Itali.
- **Aar xibaar yi:** Seddoo say xibaaru boppam diggante Kilifa yi am sañ-sañ bi rek, te duñu ko joxe beneen nit bu amul ndigal.
- **Rëddi baaraam ak nataal:** Jël ay rëdd yu baaraam ak nataal ngir xam ki nga doon.
- **Sistem yu numerik:** Seet say xibaar ci sistem yu numerik yu Itali ak yu Ēróop, te denc xibaar yi ci diir bi mu war a yàgg ngir doxal yoon wi.
- **Wérgi-yaram ak paj:** Seetu paj ngir xool soxla yu gaaw ci wàllu paj, beral ngir wérgi-yaram, walla ndimbal ci pajum xel.
- **Waxtaan bu beru:** Waxtaan ak yaw kenn-kenn ngir xam soxla yu beru ak yégal gaaw bu amee nit ku am doolewuwaay bu beru.

3. Soxla yu beru (Vulnerabilités) ak Jeexitalu Screening

- **Yégal soxla yu beru:** Soo amee lu yées 18 at, soxla paj walla ndimbal ci xel, yaa di jigéen, LGBT/intersex, nit ku am doolewuwaay, mag bu màggat, waajur kenn rekk bu am doom, féebar bu metti, ëmb, walla soo dund toroxal, fitna, violences (misaal: daggal cér, séy gu doole, njaay-ngañ), waxal Kilifa yi ci lu gaaw.
- **Mineur (Lu yées 18 at):** Ci Itali xale bu ndaw la: dinañu la jox dalal ak ndimbal bu dëppoo ak sa at, te dinañu la falal nit ku màggat (tutelle) ngir taxawal la.
- **Sertifikaa yu paj:** Soo yore kayiti paj, wone leen ci lu gaaw.
- **Dajale xibaar:** Dinañu dajale xibaar yu jëm ci yaw, say mbokk ak sa tukki.
- **Jeexal ak Kumpa:** Screening bi day jeex ci **3 fan**; dinañu la jox kopi formileer bi ginnaaw bu ngeen ko xaatimee. Xibaar yépp dañuy kumpa (confidentiels)

Sañ-sañ ak warugar yi ci diiru screening

- **Sañ-sañ:** Am nga sañ-sañu am lekk, dëkkuwaay, paj (yaram ak xel), te ñu jëfandikoo la ci teddnga.

- **Yégal mbir yi:** Mën nga wax Kilifa yi bépp jafe-jafe ci wàllu paj, xel, walla metit bu nga dund ci sa tukki.
- **Ndimbalu yoon:** Am nga sañ-sañu jukkoo ak mbootaay yi lay jox digal ak ndimbalu yoon.

4. Sañ-sañu ñaan aarug àdduna manan Azil

- **Sañ-sañu ñaan aar:** Soo ragale dellu sa réew ndax fitna, xare, mbugal, walla doole bu ñu la def (xeet, diine, politik, etc.), am nga sañ-sañu ñaan aarug àdduna.
- **Léeral sabab yi:** Soo bëggee ñaan aar, wax ko Kilifa yi ci lu gaaw ci diiru screening te leeral sabab yi.
- **Dalal bu dëppoo:** Soo ñaane aar, dinañu la yóbbu ci sentar bu lay dalal bu dëppoo ak say soxla.
- **Ñaan ci Itali:** War nga joxe sa ñaan ci Itali ndax fii nga feeñee; manuloo tànn ban réew mooy yore sa mbir.
- **Mbokk ci Ēróop:** Soo amee mbokk ci beneen réew bu Bennoo bu Ēróop, yégal ko Kilifa yi ngir ñu xool ndax mën nga dem ci ñoom.
- **Des ci Itali:** War nga des ci Itali te bul dem ci beneen réew bu Ēróop amoo ndigal. Soo demée balaa dogal bi génn, mën na la amale toppatoo bu bon ci sa yoon.
- **Yoon yu wuute:** Ci Itali am na yoonu normaal, yoonu gaaw, ak yoonu gaaw ci diggante réew mi ak biti (zone transi).
- **Xale yu ndaw (< 18 at):** Soo amee lu yées 18 at te yaa ngi yow wiin, am nga sañ-sañu am ndigal dëkk bu beru ngir ndawug at.
 - **Delloo ci réewum juddu**
- **Delloo sa réew:** Soo ñaanul aarug àdduna te mataloo sàrt yi ngir dugg, dinañu la delloo sa réewum juddu walla beneen réew bi nga amee ndigal, ci kaw ndigal bu jëm ci delloo.

5. Toxal ci beneen réew (Relocation)

- Mën nañu la toxal ci beneen Réew Membre bu Bennoo bu Ēróop bu dogal a yore sa ñaanu aar (ricollocazione / relocation).

6. Yoon wi dinañu jëfandikoo

- Bu screening bi jeexee, dinañu la jox yeneen xibaar yu wóor ci yoon wi ñuy jëfandikoo ci sa mbir (aarug àdduna, delloo, walla relocation).

7. Aaru xibaaru boppam (Protection des données)

- **Sañ-sañ ci xibaar:** Yoonu Ēróop daf lay jox sañ-sañu jot ci say xibaaru boppam, ñaan ñu jubanti ko walla ñu far ko ci databàs yu Itali ak yu Ēróop.
- **Leeral ak jukkoo:** Am nga sañ-sañu xam yoon yi ñuy jëfandikoo, ñaan leeral, te waxtaan bépp jamono ak ndaw yi nga dajéal ci sa yoon.